шига бағишланган тантанали маросимдаги нутки. «Қорақалпоғистон тонги»газетаси 2019 йил 11-апрель №15-16 (1336-1337); Ўзбекистон Республикаси вазирлар маҳкамаси 2018 йил 26-апрель «Бахшичилик ва достончилик санъатини ривожлантириш ҳамда такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида»ги №304-сон қарори.
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968. -297б.
3. Айымбетов Н. Қобыз ҳәм жыраўшылық дәстүри туўралы гейпара пикирлер. / «Еркин Қарақалпақстан», 2021-жыл, 9-январь, №4.
4. Алламбергенов К. Мәңгилестирилиўи тийис мәдений мийраслар. / «Еркин Қарақалпақстан», 2021-жыл, 30-январь, №13.
5. Алламбергенов К. Ер Едиге, «Едиге» дәстаны, Алтын Орда ҳәм Маўараўннахр дәўири тарийхының гейпара мәселелери. –Нөкис: «Билим», 2017. -128б.
6. Мәмбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. –Нөкис: «Билим», 1992. -246б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ бахшичилик, жировчилик санъатининг миллий мерос, миллий қадриятлар тизимида тутган ўрни, ушбу санъатнинг илдизлари, қадимги даврлардан бугунгача давом этиб келаётган анъаналари, ҳозирги ҳолати, соз ва мусиқа санъатидаги устоз-шогирдлик мақоми, атоқли бахши ва жировлар мактаби ҳақида кенг ва ишончли илмий таҳлиллар асосида бу санъатнинг қадимги даврларда пайдо бўлган муқаддас миллий мерос жанлиги далилланиб, уни абадийлаштириш бўйича қимматли тавсиялар берилади ва керакли хулосаларга қелинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье предлагаются бесценные рекомендации и делаются необходимые заключения о каракалпакских бакши (народное певчество) искусства горлового пения, национальных наследиях, корнях данного искусства, традициях продолжающих из покон веков, современное состояние, музыкальных инструментах и ораторстве, школе наставников.

**SUMMARY**

The article deals with some valuable recommendations and necessary solutious of karakalpak bakshis' (folk songs), art of guttural singing, national heritages, origin of this art, traditions which continious from long times, present conditions, musical instruments and oratory art, school of tutors.

# Қ.МӘТМУРАТОВТЫҢ «ТЕРБЕНБЕС» РОМАНЫНДА ПОРТРЕТЛЕРДИҢ ИНДИВИДУАЛЛЫҚ ҲӘМ УЛЫЎМАЛЫҚ ҚӘСИЙЕТЛЕРИ

**Ғ.А.Алламуратов -** *докторант*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** роман, портрет, индивидуал, умумий, образ, сюжет.
**Ключевые слова:** роман, портрет, индивидуальный, общий, образ, сюжет.
**Key words:** novel, portrait, individual, general, image, plot.

Портрет көркем шығармада инсан көринисин сүўретлеўге бағдарланғанлығы себепли, ол тиккелей персонаж образын толықтырыў ушын хызмет етеди. Образ, характер, психология (ишки руўхый ҳалат), портрет (сыртқы көринис) компонентлериниң интеграциясы негизинде көркемликке ийе болады. Портрет образдың жасалыўында актив хызмет атқарады. Яғный, портрет көркем шығармада образ тәбиятына енискен түрде көринеди. Солай екен, профессор Л.И.Тимофеев айтқанындай, «образ – тоқыма жәрдеми менен жаратылған ҳәм эстетикалық заўық бағышлайтуғын инсан өмириниң улыўмаласқан ҳәм соның менен бирге, конкрет (индивидуалласқан – Ғ.А.) көриниси» [1:62-63] – деп тастыйықлаўы тийкарында портреттиң улыўмалық ҳәм индивидуаллық қәсийетин образдың эстетикалық-көркемлик қуны нәтийжеси сыпатында анализге тартқанымыз орынлы болады.

Өзбек илимпазы Т.Бобоев образдың улыўмалық қәсийети ҳаққында былайынша пикир жүритеди: «Образ улыўмаласыў нәтийжеси болып табылады. Шығармада сүўретленген бир ғана образ астарында жүзлеп-мыңлап адамларға тән болған қәсийет ҳәм белгилер улыўмаластырылып, жәмлеп бериледи... Онысыз образ жаратыў мүмкин емес» [2:43]. Демек, әдебий шығарма қаҳарманы турмыстағы адамларға уқсағаны менен дәл өзи бола алмайды. Оның көпшилик белгилери улыўмаласқанлығы, жыйнап, терилгенлиги себепли бир қанша адамлардың көринисин жәмлеген ҳалда сәўлеленеди.

Әдебий шығармаларда сүўретленетуғын көркем образ тек ғана улыўмаласыў нәтийжеси болып қалмастан, конкретлестириў, индивидуалластырыў жемиси болып та есапланады. Жазыўшы образ конкретлигине оның индивидуал қәсийетлерин сүўретлеў негизинде ериседи. Шығармадағы образлардың бир-биринен айрықша белгилерин көрсетиў арқалы сюжеттиң көркемлилигин, образдың көп түрлилигин тәмийинлейди. Бул арқалы образдың тәбийийлигине, турмысшаңлығына, сондай-ақ, эмоционаллығына ерисиледи. Оқыўшыға тәсир күши артып, оны исендиреди.

Образға тән болған бул еки: индивидуаллық ҳәм улыўмалық қәсийетлер портреттиң өзгешелигин үйрениўде тийкар ўазыйпасын атқарады. Портрет образ жасаўдың белгили бир компоненти сыпатында образға тән болған қәсийетлерди өзинде геўделендиреди. Яғный, образдың қәсийетлериниң көриниўинде портрет әҳмийетли функцияны атқарады.

Тәжик әдебиятшысы М.С.Имомов образларды идивидуалластырыў ҳәм типлестириўде портреттиң ролин белгили жазыўшы Садриддин Айний жаратқан образлар мысалында анықлайды. Оның пикиринше: «Портрет көркем образдың қурам элементи сыпатында сүўретленип атырған адамның улыўмалық қәсийетлерин де, индивидуал қәсийетлерин де сәўлелендиреди. Көркем шығарманың персонажы, бир тәрептен, белгили бир дәўирдиң ўәкили, соның ушын ол өзине тийисли болған класстың, жәмийетлик қатламның, миллеттиң улыўмалық қәсийетлери, сыртқы көриниси, кийими, сөзи, өзин тутыўы ҳәм портреттиң басқа сүўретлеўлери менен тәрийипленеди. Басқа тәрептен, портрет адамның өзине тән болған дәўир ҳәм этирап-орталықтағы ўәкиллерден ажыралып туратуғын шахстың көриниси сыпатында ҳәрекет етеди. Көркем образдың толықлығы ҳәмме ўақыт улыўмалық ҳәм индивидуаллықтың бирлиги менен жаратылады [3:14].

Образ жаратыўдың усындай өзгешеликлери белгили қарақалпақ жазыўшысы Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес» романында (2004) жақсы көринеди. Онда тарийхый адамлар образларының улыўмалық ҳәм индивидуаллық қәсийетлерин жазыўшының стилине муўапық олардың поэтикалық портретлеринде де көриўимиз мүмкин. Романда тарийхый шахс Лепес портрети ХХ әсир басындағы қарақалпақ саўдагерлери, исбилерменлери қатламы фонында сүўретленгени менен оның индивидуаллық, прототиплик портрети жазыўшы тәрепинен сюжет желиси бойлап бериледи. «...өзи қара торы жигит, бурынғыдан да бетер сурланып, қаралтым жүзлери шойындай сиресип, қақ маңлайды қақ жарып шыққан қыр мурнының танаўлары желбезекленип, ашыўын зорға дегенде ишине жутып отырды» [4:22]. Қ.Мәтмуратов шығармада Лепес образын сүўретлеп,

оның базы бир белгилеўши портретлик қәсийетлерин атап өтеди, бул сүўретлеў менен Лепес образының жүз берип атырған ҳәдийсеге психологиялық қатнасын билдиреди. Қара торы, қақ маңлайын жарып шыққан қыр мурыны оның прототиплик-индивидуал белгиси болып, жазыўшы буны образға тәбийий түрде сиңдире алған. Лепес образының ашыўланыўы, ғәзеплениў психологиялық толғанысын сүўретлеў менен бирге өзине тән жекке белгилерди синкретик усылда бирлестирип сүўретлеўге ериседи. Жазыўшы қаҳарманның портретин сызып, оның индивидуал қәсийетин көрсетеди, соның менен бирге, оның ғәзеп, ыза сезимлериниң визуал көринисин сыртқы келбети арқалы береди.

Романда Ураллы рус казакларының ўәкиллери (халық тилинде «оралскийлер») қарақалпақ жерлеринде саўда-сатықтың раўажланыўында, сондай-ақ, бас қаҳарманның интенсив түрде шахс сыпатында қәлиплесиўинде айрықша хызмет атқарады. Роман сюжетинде олар тийисли миллеттиң өзгешелиги тийкарында көркем сәўлеленеди. «Шараўбайды «еки ийни жарма қапыдай» – ең ири адам қатарына санап жүрген еди Лепес. Богоненконы көргенде, Шараўбай «түйениң қасындағы боталақтай» болып қалды. Расында да, нағыз оралскийди енди көргендей болды. Аўзы-басы «жүннен» сирә-дә билинбейдиғо. Анаўмынаў емес, кепшедей етип қойған сақалы мәккениң шашағындай уйпа-жуйпа. Сөйлегенде даўысы ўадырлап, өсиңки, қойыў қасларының астынан дуздай көзлерин қадап сөйлейтуғын адам еди» [4:38]. Жазыўшы Лепес тилинен сызған бул статикалық портретинде Богоненко образының индивидуллық өзгешелигин көрсетеди. Соның менен бирге, Урал руслары портретиниң улыўмаласқан көриниси Богоненко образында көринеди. Буны жазыўшы қарақалпақ миллети ўәкили Лепестиң көзқарасынан (нағыз оралскийди енди көргендей болды) сүўретлеген. Богоненко портретиндеги мәккениң шашағындай уйпа-жуйпа «жүн», өсиңки, қойыў қасларының астындағы дуздай көзлер оның рус этносына тән болған антропологиялық белгилери болып табылады.

Жазыўшы рус жигитиниң портретин қопалырақ формада сызғаны менен, рус қызының портретин нәзик эпитетлер менен сүўретлейди. «Лепеске бәри бирдей, қыздың көк-көмбек, тып-тынық ҳаўайы көзлерине уғрын-уғрын баққаны менен, оның алтыннан пуў берип сайқаллағандай қырмызы дөнген сарғыш шашларына сүйсинип қарағаны менен, сыр бермес еди» [4:69]. Мысалға алынған рус миллетиниң еки ўәкилиниң портретлери Лепестиң көзқарасы менен сызылған. Богоненко портрети Лепестиң көзқарасы бойынша индивидуал қәсийетке ийе болыўы мүмкин, бирақ ол ураллы рус жигитлериниң улыўмаласқан, типлик портретин береди. Бул пикирди рус қызы Агриппина портретине қолланса қ та болады. Жазыўшы рус қызының көзлерин «ҳаўайы» эпитети менен көркемлеп, Богоненконың «дуздай» көз турпайы эпитетине қарсы нәзик мәниде қолланады. Негизинде, еки персонаждың көзлери бирдейликти (көк көз) көрсетип, рус этно-антропологиясына дәрекли белгилерди, улыўмалықты аңлатады. Агриппина портретинде «алтыннан пуў берип сайқаллағандай қырмызы дөнген сарғыш шашлары» да қарақалпақ жигитиниң көзи менен сулыў етип сүўретленген. Негизинде, бул портретте «сары шаш» рус қызларының улыўмаласқан келбети болып табылады.

Сондай-ақ, бул еки миллетиң ўәкиллери арасындағы индивидуал қәсийетке ийе өзгешеликлерди параллель қойып, еки портреттиң улыўмалық сыпатқа, шығысына ийе болған өзгешелигин де анық көрсетеди. «–Мени кешир, Лепес! – Қыздың көк-көмбек ҳаўайы көзлери менен, жигиттиң қап-қара бийғубар көзлери бир-бирине қадалды» [4:70]. Бул портретте персонаждың сыртқы көринисин, айрықша деталларын (көзлер) дыққат пенен сүўретлеп, белгили бир этникалық топардың (рус, қарақалпақ) улыўмалық қәсийетлери индивидуалластырыў арқалы жаратылғанын, бири екиншисинен парықланғанын көриўимиз мүмкин.

Портрет бул орында персонаждың миллий белгилерин сүўретлеўде белгили дәрежеде хызмет етеди. Ҳәр бир персонаж өз халқының сыртқы белгилерин сыпатлаўшы хызметти атқарады. Оқыўшы олардың усы сыртқы белгилери арқалы ажыратып турады. Соның ушын түрли миллет ўәкиллериниң портретлери улыўмаластырыўшы сыпатқа ийе болып, адамлардың айырым миллий-этникалық топарларын сәўлелендиреди.

Жекке белгилер портретлик көринисти индивидуалластырыўда әҳмийетли роль ойнайды. Олар өзине тән болған қәсийетлерге ийе. Романда рус миллетине тән болған Арсентий, Шаров (Шараўбай), Богоненко, Агриппина ҳәм оның анасы образлары улыўмалық сыпатқа ийе болғаны менен олардың жекке портретлик белгилери айрықшаланып турады. Олардың жасы, кийим-кеншеги, сыртқы көриниси, сөйлеў манерасы, ҳәрекетлери бир-биринен ажыралып турады. Мәселен, Лепес рус исбилерменлерине жалланып жумыс ислегенинде бул рус саўдагерлериниң бир-биринен өзгешелиги анықланады. Арсентийден гөре Шараўбай талапшаңырақ ҳәм байырақ, ал, Богоненко Шараўбайға салыстырғанда ири денели ҳәм саўдагершилик байланыслары да узақларға барып тутасатуғын бардамлы исбилермен. Бул оның Шараўбайдан да өткирирек, истиң көзин жақсы билетуғын саўдагер екенин көрсетеди. Агриппина, оның анасы Марфа, Богоненконың ҳаялы ҳәм қызы арасындағы айырмашылықлар жас өзгешелиги тийкарында парықланады.

Илимпаз М.С.Имомовтың пикирине бола, сүўретлеўдиң индивидуаллығын оның типлик мазмунысыз көз алдымызға келтирип болмайды. Көпшилик жағдайда образдың портретлик қәсийетлери, оның сыртқы көринисиниң белгилери типлестириў нәтийжесинен келип шығады. Персонаждың сыртқы көринисин яки оның айрықша әжайып деталларын дыққат пенен сүўретлеў, белгили бир топардың улыўмалық қәсийетлерин индивидуалластырыў арқалы әмелге асырылады [3]. Жазыўшы Қ.Мәтмуратов роман сюжетинде рус миллетиниң ўәкиллерин сүўретлегенде сол миллетке тән тәбийийликти ҳәм турмыс тәризин сәтли көрсете алған. Миллеттиң улыўмалық қәсийетлерин санаўлы образларда геўделендирип, индивидуаллық белгилерине де дөретиўшилик қатнас жасағанлығы сезиледи.

Романда Лепес бай, Халмурат, Камал, Хожалепес ҳәм Әмет образларының белгилерин айдынластырып сүўретлейди, олардың портретлерин сызғанда керекли болған көркем нағыслар менен сәўлелендиреди. Атап өткен образлардың портретлери жазыўшы шеберлигиниң жемиси болып, тереңлескен индивидуал қәсийеттеги образлар екенлиги роман сюжетинде анық көринип турады.

«Бәрин бир жөнкилли етип, кеўли орныққаннан кейин Камал (Лепестиң ис жүритиўшиси –Ғ.А.), азанғы сәлемге Лепес байдың отаўына кирип барды.

– Ҳәммеси тайын аға, – деп ол өзиниң әлпайымлылығы менен Лепестиң жүзине жаўдырап бақты. Караса, бай ағасының түри тотығып кеткен темир, темир! Халмураттың (Лепестиң иниси – Ғ.А.) бурыннан-ақ сур жүзлери, бурынғыдан да бес бетер адам шоршырлық дәрежеде, нәзерин шетке алып отыр. – Үлкен қазанды атландырдық, сүмелек тайын, наўрыз гөже бүлкилдеп атыр.

Камал ағалы-инили байлардың бир-бирине ашыўлы пишинин байқаса да, баслаған гәпин аяқлағысы келди» [4:111]. Сүўретленип атырған картинада бир ўақытлық

өлшемде үш образдың портрети параллель сызылады. Бунда жазыўшы Камалдың портретин өз тилинде баянласа, Лепес пенен Халмураттың сыртқы келбетиндеги белгилерди Камалдың ишки психологиясынан (таңланыўынан) береди. Бир сюжетте үш персонаждың характери, психологиясы портретлер жәрдеминде Камал образының динамикасы арқалы бериледи.

Камалдың есиктен кирип, Лепеске өзиниң әлпайымлылығы менен бағыўы ремаркасында «өзиниң» өзлик алмасығы негизинде жазыўшы Камалдың индивидуал характерине силтеме береди. Яғный әлпайымлылық характер Камал образының «жаўдырап бағыў» мимикасы арқалы аңлатылады.

«Қараса», динамиклық портрети менен басланатуғын ремаркада Камалдың биресе Лепеске, биресе Халмуратқа бурылып қарап жалтаң болыў ҳалатын еки персонаж портретин избе-из сүўретлеў менен билдиреди. Лепес бай портрети бизге қара торыдан келген сыпат пенен белгили. Жоқарыдағы келтирилген портретте оның тотығып, исинип кеткен жүзин темир метафорасы менен сүўретлейди. Бунда Лепестиң инисине болған ғәзебин, қәҳәрлениў сезиминиң қаттылығын көрсетиў ушын бет-әлпет портретин темирге мегзетеди. Ал, Халмураттың «бурыннан-ақ сур жүзлери»н индивидуал белгиси сыпатында тәрийиплеп, оның бул жағдайын еле де күшейтип көрсетиўи ағасына болған жек көриў сезимин аңлатып турыпты.

Ишки психологиялық толғаныслар, ыза, кек, ғәзепплениў, қәҳәрлениў сезимлериниң сыртқы көринисте сүўретлениўи портреттиң улыўмалық қәсийети болса, оның образ келбетинде сүўретлениў өзгешелиги индивидуал қәсийетин пайда етеди. Мәселен, Камал портретинде таңланыў сезими жаўдырап бағыўында билдирилсе, Лепестиң ғәзеби жүзиниң темирдей тотығыўында көринеди, ал, Халмураттың жек көриў сезими оның бурынғыдан да бетер сурланған жүзинде сүўретленип тур. Демек, психологиялық толғаныслар ҳәр бир образдың индивидуаллық қәсийетине муўапық түрлише портретлик сүўретлеўлерде өз көринисин табады екен.

Жуўмақлап айтқанда, Қ.Мәтмуратов «Тербенбес» романында образдың миллийлик (рус, қарақалпақ, қазақ миллетиниң ўәкиллери), антропологиялық, психологиялық белгилери портреттиң индивидуал өзгешеликлерин бериў ушын тийкар болып хызмет етсе, өз гезегинде образ белгили бир миллий-этникалық топардың ўәкили сыпатында улыўмалық белгилерди де сәўлелендирген. Бунда ҳәрекет етиўши образлар системасы түрлениўге жүз бурып, ўақыт ҳәм кеңислик майданында баянланып атырған ўақыя-ҳәдийселерге системалы түрде бойсындырылғанлығын көриўимиз мүмкин. Бул арқалы жазыўшы баянлап атырған мәкан ҳәм заманның көринисин оқыўшы санасына көркем ҳәм анық жеткериўге ерисе алған.

**Әдебиятлар**


1. Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. - М.: «Просвещение», 1971, -С.62-63.
2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: «Ўзбекистон», 2002, 43-б.
3. Имомов М.С. Искусство портрета в прозе С.Айни. Автореферат диссертации на соискание учёной степени кандидата филологических наук. –Душанбе: 1990. -С.14.
4. Мәтмуратов Қ. Тербенбес (роман). –Нөкис: «Билим», 2004.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада романдаги портретларнинг индивидуал ва умумий хусусиятлари ҳақида сўз боради. Образ яратишда портретнинг индивидуал ва умумий хусусияти катта аҳамият касб этади. Романда макон ва замон тасвирини баён қилишда бу хусусиятлар асосий вазифани бажаради. Ишимизда ёзувчи Қ.Матмуратовнинг «Тербенбес» романида портретни илмий таҳлил қилиш асосида унинг образ яратиш маҳорати, ўзига хослигини аниқлашга ҳаракат қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются индивидуальные и общие характеристики портретов романа. Индивидуальные и общие черты портрета играют важную роль в создании образа. Эти особенности играют ключевую роль в правдивом изображении пространства и времени в романе. В своей работе на основе научного анализа портрета в романе «Тербенбес» писателя К. Матмуратова мы пытаемся определить его мастерство и оригинальность в создании образов.

**SUMMARY**

The article examines the individual and general characteristics of the portraits of the novel. The individual and general features of the portrait play an important role in the creation of the image. These features play a key role in the novel's faithful portrayal of space and time. In our work, based on the scientific analysis of the portrait in the novel "Terbenbes" by the writer K. Matmuratov, we try to determine his image-making skill, originality.


## СИРОЖИДДИН САЙИД ИККИЛИК ШЕЪРЛАРИНИНГ ҒОЯВИЙ – ЭСТЕТИК МОҲИЯТИ


**Г.Дошанова** – *катта ўқитувчи*

*Бердақ номидаги Қорақалпоқ давлат университети*



**Таянч сўзлар**: иккилик шеърий шакли, жанр, бадиий маҳорат, палиндром, метафора,поэтик усул, дидактик мазмун.

**Ключевые слова**: двоестрочная форма стихов, жанр, художественный навык, палиндром, метафора, поэтический стиль, дидактическое содержание.

**Key words**:dual poetic forms,genre, artistic mastery, palindrome, metaphor, poetic style, didactic content.


Ўзбек адабиёти сўз санъати тарихида кўп асрлик даврни қамраб олади. Эпик асарларнинг кўлами ҳам, шеърият хазинаси ҳам бу минг йиллик адабиётнинг жуда муҳим таркибий қисми саналади. Ҳамма замонларда халқнинг дилидаги фикрларни, қалбидаги ҳис-туйғуларни тараннум қилиш бадиий адабиётнинг бош вазифаси бўлиб келгани айни ҳақиқатдир. Шу боис "Шеър эстетик ҳодиса сифатида шоирнинг дардини ифода қилади. Дард ифодасида эса илҳом, кайфият муҳим саналади. Шунингдек, шоирнинг кайфияти гўзалликка муносабати, бемаъниликлардан нафрати, олам ва одам, табиат ва жонзотлар дунёси тўғрисидаги қарашлари шеърларида рамзий тарзда акс этади" [1].

Замонавий ўзбек адабиётининг намояндаларидан бири шоир С.Саййид ижодида ҳам шеърларнинг адабий-эстетик мазмунида ранг-баранглик мавжуд. Ушбу ранг-барангликни юзага келтиришда ижодкорнинг бадиий изланишлари катта аҳамият касб этади. Ранг-баранглик деганда ҳам мазмуни, ҳам шоирнинг руҳий ҳолати, шу билан бирга гоҳида кичик бир шеърнинг ижтимоий моҳият касб этиши назарда тутилади. Шоир С.Саййиднинг иккиликларида ҳам мазмун, ҳам шоирнинг руҳий ҳолатининг ўйғунлиги шеър шаклига хос равишда баён қилангани кўзга ташланади. Шу боис замонавий ўзбек шеъриятида мумтоз адабиётдаги фардга мос келадиган давр шоирлари кайфиятини ўзига хос ихчам усулда ифодалаган ва икки мисрадан таркиб топган шеърий шаклнинг кўплаб учраши адабий жараён учун табиий ҳол санала бошлади.